

Biwo Avoka Jeneral Letitia James nan Eta New York

Avòtman legal epi Eta Nouyòk la pwoteje l

Eta Nouyòk la te legalize avòtman pou premye fwa nan lane 1970—twa ane anvan *Roe v. Wade*.¹ Menm lè *Roe* te anile l, Nouyòk mete pwoteksyon solid sou pye pou asire yo tout moun ki ka ansent—ki gen ladan gason ki te chanje sèks yo ak moun ki pa idantifye tèt yo ak ni fi ni gason yo—ka fè avòtman. An 2019, Nouyòk te adopte Reproductive Health Act (Lwa sou Sante Repwodiksyon),² ki te mete pwoteksyon *Roe* a sou kote epi garanti aksè ak yon avòtman legal e ki san danje. Nouyòk rekonèt avòtman kòm yon swen sante fondamantal.

NOUYÒK GARANTI AKSÈ POU JWENN SWEN AVÒTMAN:

- Nouyòk garanti dwa san kondisyon pou avòtman jiska 24èm semèn aprè fegondasyon.³
- Yo otorize avòtman si fetis la pa solid oubyen si lavi fanm ansent lan oubyen sante li (sante mantal li tou) an danje.⁴
- Nan New York, minè yo ka gen aksè yon fason ki responsab ak avòtman oswa lòt sèvis sante sou repwodiksyon san yo pa avèti oswa gen konsantman paran.

SÈVIS AVÒTMAN NAN VIL NOUYÒK YO KONFIDANSYÈL:

- Yon founisè swen sante jeneralman pa ka pataje dosye medikal oswa nenpòt lòt enfòmasyon sou randevou yon moun ki ansent oswa tretman san otorizasyon yo.⁷ Sa ki gen ladan l pou li pa enfòmè patnè moun nan, paran moun nan oswa moun ki responsab li, oubyen nenpòt moun san pèmision moun nan.
- Yo entèdi anplwaye yo pou gen aksè ak enfòmasyon pèsònèl yon anplwaye ki gen rapò ak desizyon sou sante repwodiksyon li oubyen patnè yo.⁸

NOUYÒK ENTÈDI DISKRIMINASYON AK TIZONNAY AKOZ DESIZYON YON MOUN PRAN SOU REPWODIKSYON:

- Lwa eta a entèdi diskriminasyon travay ki baze sou “desizyon yon moun pran sou sante repwodiksyon l,” ki ka gen ladan desizyon pou sèvi ak yon medikaman byen presi, yon aparèy medikal, oswa sèvis medikal yo.⁵
- Lwa Aksè ak Klinik Nouyòk la entèdi nenpòt moun sèvi avèk fòs, menase pou fè fòs, oubyen blokaj fizik pou blese, entimide, oswa jennen yon moun (oswa eseye fè sa) paske y ap chèche sèvis sante sou repwodiksyon.⁶

NOUYÒK EGZIJÈ POU GEN ASIRANS KI KOUVRI AVÒTMAN:

- Nouyòk bay yon fon piblik pou avòtman.⁹
- Nouyòk mande pou konpayi asirans prive ki an règ ak Leta pou yo kouvri swen avòtman ki “nesesè nan domèn medikal”.¹⁰
- Apati premye Janvyè, 2023. Tout konpayi asirans prive ki ofri swen matènite dwe kouvri avòtman.¹¹

1 N.Y. Penal Law § 125.05(3) (1971).

2 N.Y. Pub. Health Law (Lwa sou sante) §§ 2599-aa to bb.

3 N.Y. Pub. Health Law (Lwa sou Lasante) §§ 2599-aa to bb.

4 *Id.*

5 N.Y. Lab. Law (Lwa) § 203-e.

6 N.Y. Civ. Rights Law (Dwa Lalwa) § 79-m; N.Y. Penal Law (Lwa Penal) § 240.70.

7 N.Y. Pub. Health Law (Lwa sou Sante) § 18.

8 N.Y. Lab. Law § 203-e(1).

9 Gade nan Nouyòk State Department of Health (Depatman sante Nouyòk), Medicaid Family Planning Services, health.ny.gov/health_care/managed_care/famplan10ques.htm.

10 11 NYCRR § 52.16(o) (egzije pwoteksyon “medikalman ki nesèsè pou avòtman”).

11 A.B. 9007, 2022 Leg., Reg. Sess. (NY 2022), Amending N.Y. Ins. Law § 3216 (anvige lye Janvyè 2023).

